Biwo Eta New York pou Moun ki Gen Andikap Devlòpmantal
Pati D Medicare
Deklarasyon pou Bay Otorizasyon
Pou Moun ki nan Pwogram nan epi Ki P AP Viv nan yon Kay OPWDD Sètifye oswa Opere

Moun ki dwe itilize fòm sa a se yon manm fanmi adilt, yon zanmi adilt, defansè adilt oswa korespondan adilt yon moun k ap resevwa Medicare epi ki p ap viv nan yon kay Office For People With Developmental Disabilities (OPWDD) (Biwo Eta New York pou Moun ki Gen Andikap Devlòpmantal) sètifye oswa opere. Li endike otorizasyon pou moun nan pran desizyon yo konsènan avantaj medikaman sou preskripsyon nan Medicare pou moun k ap resevwa sèvis yo ak baz pou otorizasyon sa a.

Eksplikasyon:

1. Tanpri ranpli tout espas ki nan fòm sa a. (Nòt: Si w ap antre moun k ap resevwa sèvis yo nan yon plan ou pa ta dwe mete yon nimewo ID plan moun k ap resevwa sèvis yo.)
2. Koche kaz ki apwopriye yo.
3. Tanpri ekri non an avèk lèt detache, siyen epi mete dat anba a.
4. Kenbe dokiman orijinal la.

Non Moun k ap Resevwa Sèvis yo	Dat Li Fèt	Nimewo Medicare

Non Plan pou Medikaman sou Preskripsyon	Nimewo ID Plan Moun k ap Resevwa Sèvis yo

Non moun k ap resevwa sèvis yo ki endike anwo a gen plis pase laj 18 tan. Moun sa a pa gen yon responsab legal epi yo detèmine li pa gen konpetans pou pran desizyon konsènan (koche kaz pou tout sa ki bon):

☐ Enskripsyon nan yon plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon.

☐ Ap pran desizyon nan pwosesis revizyon Pati D Medicare. Sa gen ladan fè doleyans, soumèt plent, mande epi jwenn detèminasyon sou pwoteksyon (tankou demann eksepsyon ak demann pou pwosedi rapid), fè epi mande kontestasyon epi jere nenpòt pati pwosesis kontestasyon yo.

Sa Moun nan ye pou Moun k ap Resevwa Sèvis yo. Tanpri koche **yon** kaz nan san ki anba la yo:

☐ Madanm/Mari
☐ Paran
☐ Pitit adilt
☐ Sè oswa frè adilt
☐ Manm fanmi adilt
☐ Zanmi, defansè oswa korespondan adilt

Dapre 14 NYCRR 635-11, mwen gen otorizasyon pou pran desizyon sou enskripsyon an epi/oswa pou pran desizyon nan pwosesis revizyon Pati D Medicare si moun k ap resevwa sèvis yo pa gen konpetans pou fè sa.

Non _____ Dat la_____

Siyati_____

Nimewo Telefòn _____